QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nukus shahri, 230100, A.Dosnazarov k. 62

No'kis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62

Tel: (0-361) 2222437, 2229830: www.kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

09 - Апрель 2021-jıl/yil.

№ 01-02/1- 1777

**Тақыятас районлық Ишки ислер бөлими баслығы Ж.Камаловқа**

*Көширмеси:* **Тақыятас районлық 10-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң тарийх пәни муғаллими Э.Кадироваға**

Тақыятас районлық 10-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң тарийх пәни муғаллими Э.Кадирова усы жылдың 6-апрель күни Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасы, Халық билимлендириў министрлиги, Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасы ҳәм Халық билимлендириў министрлигине, 7-апрель күни Өзбекстан Республикасы Президенти «Исеним телефоны» на мүрәжат еткен.

Пуқара Э.Кадированың мүрәжатинде «2021-жыл 5-апрель сәнесинде Тақыятас 10-санлы мектепте мектеп директоры О.Абдихаликов, мектептиң оқыў ислери бойынша директор орынбасары Ш.Язова 15:00 де мектепте нәўбеттен тысқары пед.кеңес өткерди. Онда ҳәмме қатнасыўы шәрт, мектептиң ислерин талқылаймыз деп, керисинше мениң жоқарғы шөлкемлерге өзимниң жеке ҳуқықымды сорап мүрәжат еткен арзамды талқылаў ушын жыйналыс еткен екен. Мениң жеке шаңарақлық турмысым ҳәм жағдайымды кәсиплеслерим алдында талқылап, қәдиримди ҳәм абыройымды өзиниң лаўазымынан келип шығып ҳәммениң алдында мениң кредит алғанымды яки басқа хызмет жумысымды мәжилис талқылаўына қойылды. Ким болыпты жеке турмысымдағы мәселелерди яғный, кредит алғанымды, ҳеш қандай себепсиз, жәмәәт алдында кемситип, мениң қәдирим ҳәм абырайыма тийдирип, маған руўхый ҳәм мәнәўий жағдайыма басым өткерди. Бул бойынша мениң жеке телефонным диктафонында жазып алынған даўыслы жазыў бунның анықлығын дәлиллейди» деп көрсетип өткен.

Өзбекстан Республикасының 2019-жыл 11-сентябрьдеги «Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлери туўрысында»ғы Нызамының 25-статьясының 2-хат басына тийкар пуқара Э.Кадироваға мектеп директоры О.Абдихаликов тәрепинен кемситиў, қәдирине, абыройына тийетин сөзлерди айтқан яки айтпағанлығына анықлық киритиў Халық билимлендириў министрлигиниң ўәкиллигине кирмегенликтен, усы мәселеге анықлық киритиў ушын зәрүр ҳүжжетлерден көширмелерди қосқан ҳалда үйренип шығыў ушын тийисли тәртипте Тақыятас районлық Ишки ислер бөлимине жиберилмекте.

Жоқарыдағыларды есапқа алған ҳалда Сизден, көрсетип өтилген мәселеге ҳәрекеттеги нызам талаплары тийкарында анықлық киритилиўи ҳәм ҳуқықый баха берилиўинде әмелий жәрдем бериўиңизди сорайман.

**Қосымша:** *Пуқара Э.Кадированың усы жылдың 6-апрель күни Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасы, Халық билимлендириў министрлиги, Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасы ҳәм Халық билимлендириў министрлигине, 7-апрель күни Өзбекстан Республикасы Президенти «Исеним телефоны» на мүрәжати, мектеп муғаллимлериниң түсиник хатлары қоса тигиледи.*

**Министр** **Р.Реимов**

Орынлаўшы: М.Даулбаев
Тел: 612222465

**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИ**

***БУЙРЫҒЫНАН КӨШИРМЕ***

**22-ИЖ санлы** **Нөкис қ. « 07 » апрель 2021-жыл**

| | | |
|---|---|---|
| **Абдухаликов Оразбай Жумабаевич** | - | Тақыятас районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 10-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директорының хызмет бабында жиберген қәте-кемшиликлери ушын Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясының 1-бәнти тийкарында **“СӨГИС”** берилсин. |

Тақыятас районлық халық билимлендириў бөлими баслығы А.Орынбаеваға;

Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў, буйрықтың көширмеси менен таныстырыў, бир данасын қолына бериў тапсырылсын.

**Тийкары:** Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими бас қәнигеси М.Даулбаевтың мәлимлемеси ҳәм О.Абдухаликовтың түсиник хаты.

**Министр** **Р.Реимов**

KO'SHIRMESI DURIS

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI KADRLAR BO'LIMI

**ТАҚЫЯТАС РАЙОНЛЫҚ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ БӨЛИМИ БАСЛЫҒЫНЫҢ БУЙРЫҒНАН КӨШИРМЕ**

**16.03.2021-жыл** **№ 92** **Тақыятас районы**

***“Интизамий жаза қоллаў ҳаққында”***

| | | |
|---|---|---|
| Язова Ширин Курбановна | - | Бөлимге қараслы 10-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң 1,0 ставкадағы оқыў ислери бойынша директор орынбасары.. Ишки мийнет тәртип қағыйдаларына толық әмел етпегенлиги хызмет бабында немқурайлық пенен жиберген қәте-кемшиликлери ушын Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 181-статьясы 1-бөлими менен “Сөгис” интизамий жазасы қолланылсын. |

**Тийкары:** Қарақалпақстан Республикасы Халык Билимлендириў министрлиниң исши топары тәрепинен 2021-жыл 12-март сәнесиндеги үйрениў жумыслары ҳаққындағы мағлыўматы, усыныс, Ш.Язованың түсиник хаты.

ХББ баслығы : А.Орынбаева

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри

Р.Реимовқа

Мен: Бабамурат Курбанов Шерипович.

Туўылған жылы: 14.10.1975

Жумыс орны: 10-санлы Мектеп

Лаўазымы: ММНБДУ

Жасаў мәнзили: Мичурин 1/1

Телефоны: 91-373-40-45.

# ТУСИНИК ХАТ

Мен Курбанов Бабамурат Шерипович 5-апрель кунги пед кеңесте қаралатуғын мәселелерден алдын Энетай Қадирова мәселеси бойынша қысқаша айтып өтти. Ол жерде ҳәмме педагогларға мектепте бар бирейлериңиздиң үстиңизден жазып сизге түрлишик арызбаршылыг те болмасын деп айтты.

Тусиник хатты өз сөзим өз қолыммен жаздым! Б. Курбанов.

9.04.21.

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри

Р.Реимовқа

Мен: Юлдашева Шаҳноза Камилжановна.

Туўылған жылы: 1995-й.

Жумыс орны: 10-мактаб.

Лаўазымы: кимё фани ўқитувчиси

Жасаў мәнзили: Жу Жырау кўчаси 22-уй.

Телефоны: 99-681-95-23.

# ТУСИНИК ХАТ

Мен 5-апрель куни мактабимизда „пед совет" мажлисига соат 15^20 чамасида кечроқ келдим. Келган пайтимда Кадирова Енажан шуғлиш. ~~нима~~ бугун мен ҳақимда айтиляпти деб турган екан. Мен келгунга қадар нима айтилди билмадим чунки мен кечроқ келдим. Тусиник хатти ўз қолим билан ёздим.

9.04.21й.

[signature]